ku xëy dem ca jàkka ja, walla mu gont fa Yàlla dana ko waajalal ca àjjana ab wàccuwaay, saa yu xëyee walla mu gont

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «ku xëy dem ca jàkka ja, walla mu gont fa Yàlla dana ko waajalal ca àjjana ab wàccuwaay, saa yu xëyee walla mu gont».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bégal na kiy dem ca jàkka ja ngir jaamu walla sàkku xam-xam mbaa geneen jubluwaayu yiw ci waxtu wu mu man a doon; ci njëlbeenu bëccëg gi walla ca mujj ga ci ne Yàlla waajalal na ko ab barab ak nganale ca àjjana, saa yu dikkee ca jàkka ja guddi walla bëccëg.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5436